

IHWANIRO RY'URWARUKA
FORUM DIOCESAIN DES JEUNES
2022

Icivugo :
“ NKA BIKIRA MARIYA, DUHAGURUKE,
TWIHUTE KUMENYESHA INKURU NZIZA ”

IKIBANZA : PARUWASE UWASAMWE ATA
GICUMURO Y'I GIHANGA

AMATARIKI:
Kuwa kabiri 19/7 - Kuwa gatanu 22/7/2022



*INYIGISHO YA NYENICUBAHIRO MUSENYERI
WA DIYOSEZE YA BUBANZA Yohani
NTAGWARARA*

« Mariya arahaguruka, agenda yihuta... »

Luka 1, 39-56



GIHANGA, KU WA 20/7/2022

**INYIGISHO YA NYENICUBAHIRO MUSENYERI
WA DIYOSEZE YA BUBANZA Yohani
NTAGWARARA**

**« Mariya arahaguruka, agenda yihuta... »
(Luka 1, 39-56)**

Iyo nyigisho yari ifatiye ku civugo c'ihwaniro : « Nka Bikira Mariya, duhaguruke twihute kumenyesha inkuru nziza ». Iyo nayo ikaba yari : « Mariya arahaguruka, agenda yihuta... » (Luka 1, 39-56). Umwungere yatanguriye kuri iki kibazo kigira kiti : « Vyagenze gute kugira ngo Bikira Mariya ahaguruke » ?



- Bikira Mariya yarumvirije akoresheje amatwi y'umutima.
- Bikira Mariya yarafashe akanya ko kwakira mu mutima ivyo yari yumvirije.
- Bikira Mariya yaravuye hasi aragenda yihuta.

Ayandi majambo atatu Umwungere yarashikirije yayakuye muri rwa ruririmbo Bikira Mariya yaririmba « Magnificat ».

- Bikira Mariya yaraninahaje Imana.
- Bikira Mariya yagiye gufasha Elizabeti.
- Bikira Mariya ntafasha Elizabeti gusa na twebwe aradufasha mukarorero aduha.

Bikira Mariya yarumvirije umumalayika Gaburiyeri igihe yamuzanira Inkuru nziza n'amatwi y'umutima wiwe.

Twebwe hari aho twumviriza dusamaye. Bikira Mariya yarumvirije avuga ati : « None bishoboka gute ko ntari bumenze umugabo » ?

Natwe twumvirize n'ubwenge, atari kwumviriza n'amatwi. Wumvirize ushaka gushikana mu mutima. Ijambo Bikira Mariya yararishikanye mu mutima wiwe kandi ryari ijambo rihambaye: agiye kuba nyina w'umukiza kandi uwo mukiza bari bamurindiriyeyi; agiye gusama imbanyu azoyivyaremwo uwuzokiza isi.

Ukwumviriza niyo ntango yo gutegera. Aha rero Umwungere yarakebuye urwaruka agira ati w'ishure mwise kwumviriza, ugiye gusenga canke uyaga n'umuntu nturabe terefone. Imana ivuga mu gacerere, ntiwuyumviriza uriko uraba terefone.

Ushaka kumenya, tega amatwi. Utumva ntushobora kuyaga, ntushobora kuvuga. Utumva ntutera imbere. Ubu mwebwe murahiriwe ko muri hamwe kuko murungurana. Aya matwi y'ibikobekobe Imana yaduhaye ni ingabirano ariko hariho n'ayandi matwi y'umutima yaduhaye.

Bikira Mariya agerageza gutegera ijambo yaronse. Imbere yuko afata ingingo abanza kwiyumvira. Bikira Mariya amaze gushikana iryo jambo mu mutima yaribajije ati : « Mbega nkore iki » ?

Gufata ingingo. Bikira Mariya yaciye afata ingingo yo kuja kwa Elizabeti. Elizabeti yari ageze mu busaza. Bikira Mariya arahagurutse afata urugendo rungana n'ibirometero ijana na mirongo itanu.

Gushira mu ngiro: Guhaguruka. Gufata urugendo ni ikimenyetso co gushira mu ngiro Ijambo ry'Imana. Ashitse kwa Elizabeti bahavuye baramukanya maze Elizabeti ashira ijwi hejuru ngo: **“Mbega iryo teka ry'uko Nyina w'Umukama wanjye aza kundamutsa ndariitewe n'iki”?**

Ayo majambo ntiyayibwiye. Yayavuze abitewe na Mutima Mweranda. Uwo Mukiza Elizabeti yavugaga ni umwe yaburwa kuva kera ndetse kandi n'Umumalayika Gaburiyeri akabimenyesha Bikira Mariya.

Mbega Bikira Maria yihuse kubera iki? Yihuse kubera urukundo rumubiragiramwo. Urwo Rukundo arushiriye umuryango wa Elizabeti na Zakariya. Mugabo kandi Bikira Mariya yaharonkeye icemeza ko iryo yabwiwe n'umumalayika ryatashye. Elizabeti aremeje ko Bikira Mariya ari Nyina w'Umukiza.

Noneho umwana Elizabeti yari yibungenze yaravyemeje mu kwigina mu mbanyi. Ego niko, Bikira Mariya yagiye gufasha udukorwa umutamakazi Elizabeti ariko hanini yaramushiriye Inkuru nziza. Nico catumye rero Bikira Mariya yivugaga amazina “ ...kuko Rugira Vyose yangiriye ibitangaza ...”.

IBINTU BITATU BIKIRA MARIYA YACIYE AKORA

1. **Kuninahaza Imana :** Bikira Mariya amaze kuronka ubutumwa bw'umumalayika Gabriel yaciye aninamahaza Imana. Mbega twebwe tuninahaza Imana gute ku vyiza itugirira? Turabona Bikira Mariya aninahaza Imana ariko kandi yaraje gusukurira mwene wabo Elizabeti mu kiringo c'amezi atatu.
2. **Gufasha Elizabeti :** Baragumanye gushika avyare. Nico camuzanye kugira ntiyahagire ikimugora. Yahagurutse ngo adufashe kumenya ico atubereye twebwe: yibungenze Umukiza wanjye.
3. Bikira Mariya ntiyahagurutse ngo afashe Elizabeti gusa, natwebwe aradufasha kuko yibungenze Umukiza wacu.

Mu gusozera inyigisho yuwo musu, Umwungere yarabajije ibibazo Urwaruka rwari aho : **Nka Bikira Mariya mfasha abandi gute? Mfasha abandi gute cane cane abari mu marushwa, aboro, abarwaye benewacu batazi Imana?**

Nkuko Umukiza yaje gukiza kiremwa-muntu, natwe duhamagariwe gufasha umuntu wese.



INYIGISHO YA KABIRI: ICO UZOBA EJO UGITEGURA UYU MUSI. Yashikirijwe na Patiri Romano NDIHOKUBWAYO



➤ NTUSEAGURE URUKUNDO RWAVE KUKO EJO UZORUKENERA

Inyigisho yiwe yari ishimikiye ku ngingo zine:

- **Aho mvukira**
- **Ico ndi nagihawe n'abavyeyi hamwe n'ababanyi**
- **Ejo hanje**
- **Kwama ivyamwa**

1. AHO MVUKIRA

Umuntu kugira ngo abeho, bisaba umugabo n'umugore. Abo bompibaranguye amabanga yabubatse, Imana igahazagira, niho haca haba uwundi muntu. Gutyo, bakagira umuryango. Umuntu rero avukira mu muryango. Nico gituma Imana yaduhaye ibwirizwa ryo kwubaha abavyeyi bacu (Ibwirizwa rya 4).

1.1 Iteka ry'Umuvyeyi

Umuvyeyi ni katihabwa kandi ni "kabura ntikaboneke"; ni uwo kwubaha no kubungabunga. Rwaruka, ntawitorera aho avukira. Twese twisanzeturi ahantu, twavukiye ahantu. Bamwe mu gisagara, abandi mu kiyaya, abandi mu misozi. Ivyo vyose ntibikubaza kuba umuntu abushitse. Ku rundi ruhande, twasanze twavyawe n'abavyeyi kuri bamwe bakenye, ku bandi abifashe bukebuke, ku bandi ku bavyeyi bifise. Kuri bose rero

twabisanze uko, nico gituma twese tubayeho ku gushaka kw'Imana. Muri twebwe, ntawabayeho kububasha bw'abantu. Kuko umwana ni ingabire y'Imana. Abavyeyi bacu bakwiye iteka. Aha tugeze, tubikesha bo kuko bitaye mu ziko kugira dushobore kubaho, dukure, tuje kwiga, twambare, ni bo badutoza indero runtu na rukristu... kandi n'ubu bakiriko. Kubura umuvyeyi ni nko kuburira hejuru. Ubuze umuvyeyi uba ubuze ubuzima kuko niwe yabuguhaye.

1.2. Aho mvukiye ni muhira. I muhira naho ni aho nataye uruzogi. Ariko birashobora kubera imvo iyi canke iriya ugasanga ndimutse. Aho mara umwana munini niho haca hacika i muhira, ariko ntibagiye ku gatumba. Muhira rero hari amabwirizwa ngenderwako:

- **Uwujewe urugo: Serugo na inarugo (Data- mama)**

Nibo bajewe gutunganya ivyo mu rugo, gutunganyiriza abagize urugo, kwishura ibibazo vyose vyadutse mu rugo. Nibo mutwe w'urugo.

- **Umwana mukuru: Nta mukuru abura mukuru we.**

Nico gituma ukwubahana hagati y'abana ari ngobwa. Umwana mukuru ategerezwa kwitwararika batoyi biwe. Aho kubakubita no kubaturubika ababuzamuhoro, abereka nyabuna akarorero keza, akabaha indero kuko nawe yayihawe n'abavyeyi biwe batoyi biwe batarabaho. Gutyo indero ikaba uruherekane.

- **Amasaha: Urugo rurafise uwurugaba**

Mu rugo, vyose bitegerezwa gutonda. Umwana ategerezwa kumenya amasaha ntarengwa ategerezwa kuba ari i muhira. Kuko muhira naho kuba umwana munini si aho guhunga. Ntamwana yishingira amasaha ngo n'uko yakuzwe. Oya! Ubwitonzi buti: **"Umwana atagira indero atera isoni se, iyo ari umukobwa ho kaba ari agahombo"** (Mwene-Siraki 22,3).

- **Gukora mu muryango: Ntakurera amaboko**

Kugira umuryango ubeho, bisaba ko abawugize bakora. Ntakurera amaboko kuko ico uzoba ejo ugitegura uyu musi. Umwana yarezwe neza yifadikanya n'abavyeyi mukurondera ubuzima. Ubwitonzi kandi buti: **"Ikinebwe kimeze nk'ibuye bikurutako, abakibonye bose biha akamo kuko giteye isoni. Ikinewe kimeze nk'ikirundo c'amazirantoke, uwuyakozeko aca akunkumura iminwe"** (Mwene Siraki 22,1-2). Ku rundi ruhande naho Paulo aca yongerako ko uwudakoze adakwiriyeye kurya: **"Turabategetse benewacu, kw'izina ry'Umukama wacu Yezu Kristu, nimuhunge uwo wese yishinga kure amaboko kandi ntakurikize ivyo twabigishije..."** (2 Abanyatesaronika 3,6.10-12). Akaranga k'uwuri mu bigero vy'urwaruka (18 à 35) ni ukurya cane no gukora. Birumvikana rero ko mwebwe mufise uruhara rukomeye mw'iterambere ry'umuryango hamwe n'igihugu mu gutunganya imigambi y'iterambere.

2. ICO NDI NAGIHAWE N'ABAVYEYI N'IKIBANO

Abavyeyi ni bo soko ry'ubuzima bwacu. Muri bo niho twavomye ico turi. Muri twebwe harimwo amaraso ya data na mama. Nico gituma tuvuga ko tuvukana kandi dusangiye abavyeyi, dusangiye amaraso.

Ico nahawe n'abavyeyi : Ubumenyi. Umuvyeyi niwe mwigisha mukuru. Niwe yatwigishije kuvuga, gutambuka, kwubaha,... Ni we yatwigishije no kurya. Yaratwigishije kwubaha ubuzima mu kutubuza kwica ivyari vyo vyose (umuserebanyu,...). Niwe yatwigishije kwubaha abantu no kubasonera; yaduhaye indero runtu na rukristu.

Nico gituma mvukiye mu bapagani, bandera mu gipagani; uvukiye mu bavyeyi badasenga, nawe ntusenga, uvukiye mu bavyeyi batize, nawe uba uko. Kuko umuntu atanga ico afise, kubera ikibano ciza no kurahura ubwenge hamwe n'abagenzi mugendana.

2.1 Ico nahawe n'ikibano

Hambavu y'indero dukura haziko, turashobora kandi kwigira ku bandi n'ahandi:

- **Abagenzi:** Umugenzi ashobora kumera ikiraro co gushikira urukiza canke akambara umuriro udahera: **"Uwukoze ku burembo arandura, uwusangira n'umunyabwishime amera nka we"** (Mwene Siraki 13,1-2). Nico gituma mu migenderanire yacu n'abandi dutegerezwa kuba maso.
- **Ababanyi:** Ikibano naco nyene kiramfasha kwiyubaka mu neza canke mu nabi, kuko ingeso irandukira. Ubana n'ababisha, ukarondera kubigana. Ariko ukurera si ukumwe kandi umwana si uwumwe. Nico gituma n'ababanyi bafise uruhara runini kugira ngo mbe ico ndi ubu.

2.2 Ubumenyi nkura kw'ishure

Ishure rirampa ubumenyi bumfasha kubaho. Ishure kandi riramfasha gutegera ibihe ndimwo no kumenya uko ndavyifatamwo (Ivyigwa). Ubumenyi nahawe bwunganirwa canke bugasamburwa n'ubwo nironderera. Muri ibi bihe vya none, iyo umwana yigira ntawohamena. Usanga n'umwana azi gukoresha terefone. Ariko ico twotahura ni uko uko iterambere riduga ariko n'umuntu atakaza akaranga-buntu kiwe:

- **Telephone:** Ni igikoreshe co gutumatumanako amakuru ariko tugikoresheje nabi dusanga cadukuye ku Mana no kubagenzi: ukubeshya, ukuraba ibiterasoni,...

- **Whatsapp** : Ni uburyo bunyaruka bwo guhana amakuru ariko akenshi tubukoresheje nabi usanga bwadutwaye umutwe: kutayaga n'uwu muri kumwe ugashima kuyaga n'uwuri kure, guhana amasanamu n'amavideo y'ibiterasoni, gutakaza umwanya kubera uguma uri ku murongo gushika naho inkono izigira,....
- **Facebook**: Ni igikoresho c'abakiri bato bakunda. Nuwutagira igitabo ubu buryo arabushikira. Naho nyene utavuyitwayemwo neza, usanga wibereye mu bindi, ukirirwa usaba ubugenzi n'abantu utazi, ugata umutwe uraba abambaye ubusa,....

Uko rero uriko uriyubaka uyu musi umenye ko ejo niwagera mu bigero ariko uzoba. Inzu uyihaye umushinge utari wo, isambuka uyibona.

EJO HANJE. Ejo hanje ndahategura uyu musi. Umuriro nzobamwo ndawucana uyu musi, ijuru nzobamwo ndaryubaka uyu.

GUTUNGANYA IMIGAMBI

- Imigambi

Ingaruka yo kubaho utagira ico ukora: - Ubusuma, Kuyerera, Ubusambanyi, kunywa ibiyuramutwe, kunywa inzoga zikaze, guteza umutekano muke, ...

3. **KWAMA IVYAMWA VYIZA : « ...NABASHINZE KUGENDA NGO MWAME ICAMWA KANDI ICAMWA GIHORAHO »** (Yohani 15,16-17).

Rwaruka, mutegerezwa gushira ubwoba mu mahindagurika y'iyi si, inshirikamazinda; mutegerezwa kurazwa ishingira nuko Yezu Umwami w'amahoro n'ubutungane yomenyekana mu rundi rwaruka : « **Umuntu wese azokwemera imbere y'abantu ko ari uwanje, nanje nzomwemera mu maso ya Data ari mw'ijuru. Uwuzoramuka anyihakanye imbere y'abantu, nanje nzomwihakana imbere ya Data ari mw'ijuru** » (Mt 10,32). Kwemera Kristu icese ni ukwemanga ico uri udatinya, ukamushingira intahe ata bwoba gushika naho uhasiga agahanga. Uko wigenza, ivyo uvuga, ivyo ukora vyiza niko kumenyesha Kristu mu bataramumenya kandi niko k'umugendanyi w'ukuri.

Hari ibintu 2 mutegerezwa kwitwararika :

- Ihangiro ry'ubuzima:** Kugira ico ushaka gushikako, nshaka gushika kuki? Ibi ndimwo bimfasha iki? Maze ikitangirira akamaro nkacihaza.

- Nzopfa ejo:** Tubeho nk'abazopfa ejo. Uko umuntu ukura niko apfa. Dutegure rero gupfa neza. Gupfa neza ni ugupfira mu minwe y'Umukama.

Mu gusozera Patiri yaribukije urwaruka ko rworondera kuzopfa kugira ruze rubeho, ntrubeho kugira ruze rupe urupfu rw'akagirire.



IHWANIRO RY'URWARUKA
FORUM DIOCESAIN DES JEUNES
2022

Icivugo :
“ NKA BIKIRA MARIYA, DUHAGURUKE, TWIHUTE KUMENYESHA INKURU NZIZA ”

IKIBANZA : PARUWASE UWASAMWE ATA
GICUMURO YI GIHANGA

AMATARIKI:
Kuwa kabiri 19/7 - Kuwa gatanu 22/7/2022



**INYIGISHO YA KABIRI YA
YASHIKIRIJWE NA
PATIRI Romano
NDIHOKUBWAYO**

“Ico uzoba ejo ugitegura uyu musi”

GIHANGA, KUWA 20/7/2022

**INYIGISHO YA GATATU YO MU NKUKA YA MISA
YARONGOWE NA NYENICUBAHIRO UMWEPISKOPI WA
DIYOSEZE YA BUBANZA**

Kuwa gatatu, igenekerezo rya 20/7/2022



Ibisomwa:

- Yeremiya 1, 1. 4-10
- Matayo 13, 1-9

Mu nyigisho yiwe, Umwungere wa Diyoseze yarerekanye ko Yezu yigishiriza mu migani kugira ngo adufashe kumenya ibisiga ubwenge bwacu dufatiye ku vyo tubona. Iyi Njili Matayo yayandikiye Abayahudi kugira ngo bategere ko Yezu Kristu abazaniye Inkuru nziza nshasha ishikiriye nk'uko yashikiriye mu Bwuzure bwa kera.

Yezu iyo aciye umugani ntiyasigura. Ariko uwo wowe arawusigura. Uyu musu ashatse kutubwira iki? Ubwami bw'Imana yobugereranya n'iki?

Iyumvire umuntu ariko arabiba: Muri Isyari mu kubiba baramija, ntibaraba aho bateye. Inkuru nziza Umukama ayiha bese. Abiba aho ashatse. Imbutu zaguye mu mabuye, ata vu rihari, naho zomera ntizimara kabiri. Yezu abiba mu mitima y'abantu bese. Kubera urukundo

adukunda abiba hose. Twotangarira ubwiza bw'Imana iduha ivyiza vyayo itarinze gusobanura. Iyaba irinda gusobanura twogize isoni, twomaramaye. Mugabo kubera ubwiza bwayo ibiba hose. Hari imbutu zacye zuma. Raba urutete rumwe rw'ikigori rwama intete amajana atandatu. **Ijambo ry'Imana riteragiwe heza rirazana ivyamwa vyinshi.**

Mu gisomwa ca mbere Imana ivuga iti: **“Utaranasamwa mu nda y'uwakwibarutse nari ndakuzi, nari narakwitoreye ngo umbere intumwa...”. Ntawiha ubutumwa, ntawitora. Umusaserdoti, umubikira, umufurera atorwa n'Imana. Mugabo iryo torwa rishobora kugwa mu mahwa, rigaca rizingama gushika aho rihera.** Ariko riguye heza rizokwama ivyamwa kandi ivyamwa vy'ingirakamaro. Iyo Mana mukudutora ntizojya mw'isunzu ry'inzu. Itorwa ryawe riza mu mutima wawe.

Mbega Ijambo ry'Imana rishika mu mutima umeze gute? Ni igiki catwaye umutima wawe? Urafise ishaka? Uratohoza neza ico Imana igushakako. Urahanuza, ukavuga ikiri ku mutima. Ntuhanyuza uwariwe wese, ugana uwokubwira ijambo ryo kwubaka. Imana izogutora kuko uri umuntu, uri umukristu.

Inyigisho muriko muraronka zibafashe kuba abantu, kuba abakristu. Iryo hamagarwa, iryo torwa rirondoke mugwize abakristu bashimisha Imana. Amen



**INYIGISHO YA KANE YEREKEYE URUHARA
RW'URWARUKA MU KWUBAKA UMURYANGO
W'EKLEZIYA. (Yashikiriye na Patiri Savin
NDEREYIMANA, Umunyamabanga Mukuru wa CEL –FV**



Patiri Savin mu nyigisho yiwe yatanguye avuga ati: “Umukristu adafise Ijambo ry'Imana iwe ni nk'umusoda canke umupolisi yambaye umwambaro w'akazi adafise inkoho. Uwa mbere bahura niwe amufata”. Yabandanije avuga ko ahimbawe nukuganira n'urwaruka rwaje muri iryo hwaniro ku ruhara rufise mu kwubaka Ekleziya n'igihugu. Yishimikije amajambo yo mu **Nkuru nziza ya Matayo 5, 13-16**, yaribukije urwaruka ko ari rwo munyu w'isi rukaba kandi n'umuco w'isi.

Umuco urwanya umwijima, abantu bakabona neza. Umunyu utanga akanovera, ibintu bikaryoha canke ntibibore, canke ntibigashe. Iyo niyo ngereranyo Yezu afashe. Umukristu aho ari yotanga umuco; aho ari, ibintu ntibibore canke ngo bibure akanovera. Isi igashe ni isi irimwo inzigo, ishari, amacakubiri, umubano urimwo imigenzo mibi. Umuhamagaro dufise ni uwo kuba beranda.

Ekleziya ni umuryango wacu. Umuryango wose wubakwa n'abari muri wo. Yezu ati: **“Mama na**

benewacu ni abo bose bumva Ijambo ry’Imana bakarirangura.” Bikira Mariya ntiyamukuyemwo kuko ari mu bambere bakira Ijambo ry’Imana bakarirangura.

Yezu rero umuryango yarawaguye, si abasangiye amaraso gusa ni abumva Ijambo ry’Imana bakarirangura.

Tugize urunani, igihugu kimwe c’abatijwe. Arerekana ko yubatse umuryango mushasha, yuguruye imbibe, ntukigarukira ku maraso gusa. Yohani 1, 14: “bibarutse n’ukwemera”. Niyo ntambwe ya mbere yo kwubaka Ekleziya: kwugurura umutima tukawugururira bose. Aha iwacu ntiturabishikako kuko harabaye kwicana dupfa amoko, amazuru. Ni ukuvuga ko amazi y’ibatisimu atatinjijemwo.

Papa Fransisko ati twese turavukana, ubuvukanyi butagira imbibe (Fraternité universelle). Tugahamagarirwa rero gukundana, urukundo rushika no gukunda umwansi wacu. Twubake isi nshasha, umuryango mushasha. Uwo muryango kugira tuwubake, dutegerezwa kubanza gusa n’Imana, tukagira umutima w’ikigongwe (Raba Luka 15).

Umutima w’ikigongwe niwo utuma twubaka umuryango mushasha. Kuva mu ntango, abakristu bose babatijwe bumva ko bagize umuryango umwe kandi ko ari bo bawubaka. Mu bikorwa vy’Abatumwa, turabona ko Ekleziya yamye ifata yuko akaranga kayo ari kumenyesha Yezu Kristu mu buryo 2:

- Kugendera Ijambo ryiwe
- Kuribwira abandi

Kurangura ibikorwa vyiza nibwo buryo bwa mbere bwo kumenyesha Yezu Kristu. Ibatisimu yatugize barumuna ba Yezu Kristu, itugira abashikiriza b’Ijambo ry’Imana. Imana yaturungitse kuja kwigisha ubwiza bwayo.

Hariho ururimi abantu bose bumva ni ururimi rw’urukundo. Yohani 13: « ... **ivyo ndabategete nimukundane** ». Urukundo niwo mugozi ufatanyaga abantu kandi nirwo rwubaka igihugu c’Imana.

Patiri Savin yabandanije ahanura urwaruka kuba ba rukundo. Ati nitwokubaka tudakundana, ivyo bisaba kuba bashasha tukagira ubuzima bwahinduwe na Yezu Kristu. Dukurikire Yezu Kristu we yaje kunywanisha abakristu n’abapagani, habe gushira hamwe, gufatana mu nda. Kwubaka isi y’umwizero n’umuvukano. Papa Fransisko arongerera ati : « **Niko abantu bohitamwo, barangwa n’umutima w’ikigongwe, niyo nzira yonyene ishika. Niyo ituma aho tubaye tuba umuco n’umunyu** ».

Urwaruka ni mwebwe Ekleziya y’ejo, igihugu c’ejo, nimwe muhamagariwe kwubaka Ekleziya n’igihugu cacu. Ariko rero ivyo bishoboka tubanje kuba beranda.

Diyoseze Buzanza yarabatumiye ngo muze muri izi nyigisho. Ni mwebwe Yezu abwira ati : « **Ni mwebwe munyu w’isi, ni mwebwe muco w’isi** ». Muhamagariwe kwubaka Ekleziya nshasha n’isi nshasha.



“IJAMBO RY’IMANA RITERAGIWE HEZA RIRAZANA IVYAMWA VYINSHI” (Mt13, 1-9).



« URUHARA RW’URWARUKA MU KWUBAKA UMURYANGO W’EKLEZIYA. »

GIHANGA, KUWA 20/7/2022

**IHWANIRO RY’URWARUKA
FORUM DIOCESAIN DES JEUNES
2022**

Icivugo :
**“ NKA BIKIRA MARIYA, DUHAGURUKE,
TWIHUTE KUMENYESHA INKURU NZIZA ”**

IKIBANZA : PARUWASE UWASAMWE ATA
GICUMURO Y’I GIHANGA

AMATARIKI:
Kuwa kabiri 19/7 - Kuwa gatanu 22/7/2022